Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 26 (9820) /8 июль 2019 с. / Итни 4 Зуль-къаг1ида 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




## *Уважаемые жители района!*

***В этот прекрасный день, День семьи и верности, хочется поздравить вас с праздником. Желаем вам хранить свой очаг и не позволять ему гаснуть. Любви и взаимопонимания, терпения и удачи, счастья и благополучия, добра и улыбок! Храните семейный уют и тепло, любите друг друга и будьте любимыми.***

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ.*

## Нухазда хIинкъигьечIолъи ч1езаби мурадалда…

24 июналда райадминистрациялда тIобитIараб нухазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул ва ЧСалъул комиссиялъул данделъиялда гIахьаллъараз бицен гьабуна ахирияб заманалда нилъер районалда ругел нухазда ккарал автоавариябазул ва, гьезул хIасилалда, хваразулгун лъукъа-къотIун больницабазде ккаразул хIакъалъулъ.



К1алъазе рахъараз аварияби ккеялъе аслиял гIиллабилъун рикIкIунел руго- техника бачунез нухда хьвадиялъул къагIидаби цIунунгутIи. Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго цере арал моцIаз техникаялъул бетIергьабазда тIад гьабураб 6I92 протоколалъ.

Гьединго, аварияби ккеялъе гIиллалъун рикIкIунел руго- нухазда бугеб хъил (асфальт) хашаб хIалалде ккун букIин ва машинаби хехго рачунгутIиялъе гIадлу биххулезда хадуб хал кколел видеокамераби гьечIолъи.

Узухъда, тIадехун рехсараб-битIараб амма тIолалго аварийбазул бетIерлъуда букIуна ва буго техника бачунезул гIадлу гьечIолъи.

РакIчIун абизе кIола, тIолалго цолъун, нухазда хьвадиялъул къагIидаби цIунизариялда тIад хIалтIани гурони, аварияби ккей ва гьезул квешал хIасилал дагьлъуларин.

***М.-Ш.ГIАБДУЛАШИМОВ.***

## *Встреча президентов РФ и США*



Переговоры Владимир Путина и Дональда Трампа на полях саммита **«Большой двадцатки»** завершились. Беседа продолжалась почти полтора часа и проходила за закрытыми дверями. Сами по себе эти переговоры — уже достижение, независимо от того, чем они завершатся. На прошлом саммите G20 в Аргентине Трамп в последний момент отказался от встречи с российским президентом из-за провокации Украины в Керченском проливе.

Трамп недавно объявил о начале своей предвыборной кампании, ему нужен прорыв во внешней политике. А Владимир Путин еще до форума говорил о том, что российско-американские отношения деградируют, рушится архитектура ядерной безопасности и любой диалог между Россией и Соединенными Штатами пойдет только на пользу.

На встрече президентов РФ и США, журналисты, после приветственных слов, стали выкрикивать вопросы. Трамп услышал слова о вмешательстве Москвы в выборы 2020 года. Тогда он с улыбкой сказал Путину: не вмешивайся в выборы, Владимир. Переговоры политиков проходили в довольно доброжелательной атмосфере. Речь шла о самых острых проблемах. Лидеры говорили о судьбе основных соглашений - об ограничении ядерных вооружений.

***Источник: https://www.ntv.ru/novosti***

## *Т1аде къабул гьаруна*



29 июналда, Дагъистаналъул х1укуматалъ тасдикъ гьабураб бак1азул г1адамал къабул гьариялъул графикалда рекъон, нилъер районалде щвана зах1маталъул ва социалияб цебет1еялъул министрасул заместитель Мурад Казиев.

Гьеб къоялъ гьес къабул гьарурazда гьоркьор рук1ана-Дилим, Калининаул, Ленинаул, Гъозтала ва гь.ц. росабалъа г1адамал. Нилъер г1адамаз гьесда цере рахъарал суалазул аслияллъун рук1ана социалияб рахъалда хурхарал (рук1а-рахъин лъик1лъизаби, 18 соналдаса т1аде сонал ругел сакъатазе реабилитационнияб центр бук1инаби, ресалда гьеч1ел хъизабазе кумек гьаби, минаби разе ракьал заманалда кьейи ва гь.ц.).

М.Казиевас раг1и кьуна г1адамаз рорхарал суалал гьел жидеде кколел ведомствабазда цере лъезе. Гьел суалазул цо-цоял жиндирго халкквеялде росана районалъул бет1ерасул заместитель И.И.Шабазовасги.

## *Райадминистрациялда*



2 июлалда райадминистрациялда тIобитIана Дагъистаналде тIаде кIанцIарал изну гьечIого яргъид гIуцIаразул къокъаби щущахъ риххизаруралдаса 20 сон тIубаялъул юбилей кIодо гьабиялъе гIуцIараб оргкомитеталъул данделъи.

Гьенире гIахьаллъарал –заманалъе районалъул бетIерасул ишал тIуралев И.Шабазовас, заместитель И.Б.Салимхановас ва депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гъирисхановас, гIатIидгьабун, гьениб бицана тIадехун рехсараб тадбиралде гьабизе кколеб хIадурлъиялъул ва гьеб гIуцIиялда нухда тIобитIиялъе гIуцIараб комитеталда цере чIарал масъалабазул.

Гьеб данделъиялде ахIун рукIана гьаб соналъ цIалулъ тIокIлъи бихьизабурал ва гьеб меседил медалаздалъун лъугIизабурал – Асият Бексултанова (лицей), Зайнап Юсупова (гимназия, Дилим), Дайгьанат Мустафаева (п.Дубки), ГIайшат МухIамадова (Буртунай) ва Рамазан Далгатов (№I школа, Ленинаул). И.И.Шабазовас гьезие кьуна меседил медалал, Реццалъул тIанчал (РУОялъул рахъалдасан) ва тIугьдузул квацIаби.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз цIалдохъабазда баркана щварал шапакъатал ва гьарана гьезие лъи кIабщинаб.

***И.Идрисов.***

**Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

8 июль – хъизаналъул, рокьул ва цоцазе ритIухълъиялъул Къо!

## РекIел хIал цIунизе кIвечIебани...

*Абула заманаялъ чурун унин къварилъи,*
*Къуват чорхое кьолеб хIалкIолъи гьелъул бугин.*
*Ургъелаз жанибги цIун къварилъиялъ бухIулеб,*
*РекIел тIалъел борхизе замана хIажалъулин.*

**(Х1. Каримова.)**

ГIумру буго захIматаб, хIалбихьиялъе инсанасе жиб кьураб, цIакъго къуват бугезда гурони баччизе кIолареб, бакIаб юк. Цо хIалалда чIолареб, хисардулеб гьава-бакъалда релълъараб бук1уна гьеб. Нилъеда лъаларо метерисеб къо кьерхарабищ яги роцIарабищ бачIине бугебали. Лъик1абщинаб бук1уна божи. Щивав чиясе бокьун гIуцIула хъизан, цадахъ рекъон щущуна рукIун. Гьениб гIураб хинлъиги щулияб рекъелги рукIуна. Кинаб батаниги, хъизаналда жанирги камуларо ургъелалгун къвари лъаби.



ДандчIвала ракIалдаго гьечIел лъугьа- бахъинал, къо къаб лахIзаталда кинабго хисула. Щиб къо тIаде бачIаниги, рескъотIиялде кканиги, сабруялда рукIине бажариги багьадурлъи буго. Пемерал соназ цадахъ гIумруги гьабун, цоцаздехун рокьиги хисичIого, унтидалги, мискинлъидалги,къварилъи тIаде бачIиндалги, хьолбохъ чIолев чи вук1ин буго кIудияб талихI.

Жакъа дие бицен гьабизе бокьун буго жидер сабруялъулъ сунареб кунчIиги бугел,сверухъ ругезе хинлъиги канлъиги кьолел, Буртунай росулъа Расулов Юсубегил ( ИсхIакъ) хъизаналъул хIакъалъулъ. Бащдаб гIасру гIолеб буго гьесги Сидратицаги цадахъаб гIумру гьабулелдаса. Гьез, тарбия кьун ва гIезарун, гIумрудул нухда тIовитIана щуго лъимер. КIикъоялда щуго соналъ физкультураялъул мугIалимлъун хIалтIана Юсубег росдал школалда.ГIунбачIунеб гIелалъул сахлъи ц1уни мурадалда тIаса бищун батила гьес гьеб махщел.

Жиндирго захIматалъул цIикIкIарасеб бутIа кьуна Юсубегица цIалдохъаби гIумруялде хIадур гьариялъе. Сидратги йиго лъималазеги гьезул лъималазеги хIеренай эбелги, гьединго, кIодоэбелги.

Аби буго чIужугIадан берцин гьаюлин лъикIаб гIамалалъги нур бугеб йикIа-яхъиналъги. Сидратилъги, тIабигIаталъго гьелъие кьурал, лъикIалщинал хасиятал рук1ин бихьула. Гьединаз берцин гьабулин сверухълъиян абуни, мекъи ккеларо.

Щибха кколеб эбел-инсул аслияб мурад?

Кинаб налъи гьезул бугеб лъималазде цебе? Гьеб ккола лъимал лъикIал, гIаданлъи,яхI-намус бугеллъун куцай,заманалда рукъалде руссинари.Хасго гьеб къо умумузе букIуна бищунго кIвар цIикIкIараблъунги рекIел мурад тIубараблъунги.

Цо къоялъ гьабун лъугIулеб бертадул нилъеца бицуна лъимал кIудиял гIезегIан. Гьабулебги босулебги букIуна лъималазе. гьел талихIаллъун рукIин, рохун рихьи т1олазулго мурадлъунги ккола.

Амма къисматалъ гьезул хъизаналъе къачIан батана тIубанго батIияб. Гьедин ккана доб Юсубегилги Сидратилги вас Хасайие ч1ужу ячунеб бертадул къоялъ. РекIел мурад тIубарав, талихIалъ къвал барав бахIарав вачIунев вукIана жиндирго берталъе. Аби буго: **«Нухда къадар батугеги,къот1ноб г1ажал дандч1вагеги»**,-ян.

Нагагьаб балагьалъул х1асилалда, Хасай г1умруялдаса ват1алъула.

ЗахIматаб хIалалде ккана васасул эбел-эмен. ТIадегIанасул хIукму гьединаб бугилан къулчIана гьез маг1у. РекIел хIал цIунизе к1олеб гьеч1они, инсанасе ракьалда гIумру гьабизе захIмат букIинаан. Кин батаниги, гIумру буго гIажаибаб жо, гIураб бакIлъиги баччулаго босизе, ккола нилъеца цебехун гали.

*ХI. КАРИМОВА.*

## Гьитlинго бокьана гьелъие цlали



Сураталда: (кваг1иса кваранидe) лицеялъул директор Я.Ш. Юсупова, ц1алдохъан А. Бексултанова ва муг1алим З.М. Мутуева.

2 июлалда районадмини- страциялда кIодо гьаруна гьаб соналъ меседил медалазда школа лъугIизабурал цIалдохъаби. Гьезда гьоркьой йикIана Дилим росдал лицеялъул цIалдохъан Асият Бексултановаги.

Асият гIахьаллъана школалда, районалда республикаялда тIоритIулел батIи-батIиял конкурсазда, олимпиадабазда ва выставкабазда.

Гьенир гьелъ рихьизаруна лъик1ал х1асилал.

Гьединалго х1асилал ккана гьелъул экзаменал (ЕГЭ) кьеялъулги.

Пурус мацIалъул экзаменалда (ЕГЭ) гьелъ босана l00 балл.

Асият кидаго йик1ана цогидазе мисалияй ц1алдохъанлъун.

*Д.ГIабдулахIитова, ИМЦялъул методист.*

Ниж - наркоманиялде данде

## Х1ажалъулеб бук1ана г1арац



Ахирияб заманалда г1акълу сверизабулел мехтулел жал г1олилаз дагь х1алт1изарулел ругин ч1езабулеб буго нилъер г1алимзабаз. Гьелдаго цадахъ, ц1икк1унеб раг1уна наркотикал х1алт1изари, хасго химикосинтетическиял дараби.

**Щибха нилъеца гьабилеб?**

Мекъаб нухде лъимал ккеч1ого рук1иналъе, гьезда хадуб хал кколел х1алт1ул идараби г1емер руго.

**Масала,** балугълъиялде рахинч1ел лъимализда гьоркьоб х1алт1и гьабиялъул инспекторал,комиссияби, муг1алимзаби, умумул ва цогидалги.

Гьел киналго пишацоял, цадахрекъон х1алт1ани, лъик1аб х1асил кьезе буго. Газетазда рахъулел плакатазги макъалабазги щибниги пайда кьоларо профилактикияб г1уц1и гьеч1они.

Цо наркоманас бицунеб буго:

***«Дир буго 40 сон. Гьабсаг1ат дун х1алт1улев вуго наркоманазе сахлъи гьабулеб реабилитационнияб централда консультантлъун. Бицина нужее дирго г1умрудул нухалъул.***

***Сигаретал рух1изе дица байбихьана 9-леб классалдаго. Цо гьалмагъасул рукъоб т1оцебе х1албихьана водкаялъул. Хадув ругьунлъана пивоялда. Дие гьеб ц1акъ бокьана, нич биххун, вичча- вихъан лъугьана. Гьедин ругьунлъана мехтизарулел жал гьекъон. Институталъул т1оцебесеб курсалда, студенталгун цадахъ, х1албихьана марихуанаялъул ва анашаялъул. Гьеб дие дагьабги рек1ее г1уна. Цо къоялъ наркотик босизе г1арацги гьеч1ого, гьалмагъас кьуна таблетка «Трамал». Гьединал наркотиказухъа х1инкъизе бач1аниги, нижеца цо аптекаялдаса гьеб учузго босана. Гьеб гьекъедал дун лъик1 лъугьана, г1ураб кеп щвана. Гьедин байбихьана, таблеткаби х1алт1изарун, кеп босизе.***

***Г1агарлъиялъулги г1арцулги байбихьудасан дие ургъел бук1инч1о. Амма рокъоседа лъалеб бук1ана дир г1амал хисулеб бук1ин. Заманалдасан «Трамал» багьалъизе байбихьана, гьеб щвезеги зах1малъана. Рукьби рекулеб унтуца дун т1амулев вук1ана, киса бахъунги, гьеб балагьизе. Наркотикал т1орит1изарулез байбихьуда ч1орого кьола тайпа квешал наркотикал, цинги т1амула гьел рец1изе. Гьедин «гьалмагъзабаз» ругьун гьавуна опиумалде. Кверзул бидурихьалъулъе «дару» биччарабго, дун лъик1 лъугьана. Гьедин унел рук1ана къоял. Дицаго дие гьабулеб балагьалдаса цо-цо х1инкъизе бач1унаан.***

***Опиум босизе г1арац х1ажалъулеб бук1ана. Гьеб заманалда гьалмагъас Москваялде х1алт1изе ах1ана, амма бицинч1о кин г1арац щвезе бугебали. Байбихьана, гьасухъа-досухъа г1арац бахъун, такъсириял ишазде ругьунлъизе . Щвана г1емераб г1арац, босана багьаяб машина. Ургъел гьеч1еб, бечедаб, аваданаб г1умру унеб бук1ана. Т1адвуссана Дагъистаналде. Гьанибги добго иш гьабизе байбихьана. Циндаго баянлъана дун органаз ц1ехолев вук1ин. Хвана эмен. Дицаго гьесие хвел г1агар гьабураблъи дида бич1ч1ана. Гьеб мехалдагицин дун кант1ич1о. Цо къоялъ полициялъулаз дун ккуна. Гьабуна суд, жанив т1амуна. Туснахъалде ккедал дун вохана, гьанивг1аги наркотиказдаса эркенлъилин хьул бук1ана. Гьедин ккезеги ккана, цодагьаб заманалдасан гьездехун рокьукълъи бижана. Унти ана. Заманги лъуг1ун къват1иве вач1индал, х1алт1изе байбихьана наркоманал сах гьарулеб реабилитационнияб централда консультантлъун. Лъаг1ел унеб буго гьеб х1алт1уда вугелдаса. Дир хал гьабула тохтурзабаз, полициялъулаз, муг1алимзабаз ва лъималазул умумуз.***

***Рехсараб централда сахлъизаризе т1аде росула наркотиказда «г1одорк1арал» ва унтарал г1адамал. Гьединаб кумек х1ажатал ратани, к1алъазе бегьула гьал номеразде 89645756666 (Фатах1) 89996012222 (Мах1ач)»,-***ян.

*М-расул РАСУЛОВ, Къанаюрт станция.*

*Инсан ва гIумру*

# Гъаб буго нилъер тарих



Шамиль имамасул наиб, Буртунаялдаса КIудияв ХIасанил хIакъалъулъ гIемераб бицен гьабуна тарихчагIаз газетазул гьурмаздасан. Гьединал биценал руго Дилималдаса Дадаев Юсупил ва Мансуров Шамсудинил тIахьаздаги.

Нижецаги **«Чапар»** газеталъул гьурмазда гIемераб хъвана гьев бахIарчиясул хIакъалъулъ. Гьанже дие бицен гьабизе бокьун буго ХIасанил жакъасел наслабазулги гьезул умумузулги хIакъалъулъ.

Дов нилъеца бицен гьабулев Наибасул рукIуна 2-го вац: Иразиги ХIамзатги. Иразица ячуна Буртунаялдаса Умаласул яс ПатIимат. Иразил гьавун вуго I845 соналъ, ПатIимат - I860с. Гьезул рукIуна 3-го васги цо ясги. МухIамад гьавула I87I соналъ (эбел батIияв), Юнус - I88I соналъ, ХIайбула - I883 соналъ, Зугьра - I887 соналъ.

ХIамзатица ячуна Халитил яц Улангерек. ХIамзат гьавула I835 соналъ, Улангерек- I847соналъ. Гьезулги рукIуна лъабго васги лъабго ясги.

*МухIамадгIали вуго I867 соналъул; Бияхъай - I874 с.*
*Халун - I879 с. ПатIуч - I885 с.*
*Задай - I880с. ГIумар - I892 с.*

Улангерекил вац Халитги КIудияв ХIасанил вас ХIамзатги лъабго нухалъ лъелго хIежалде уна. Гьедин, гьезул ц1аразде т1аде жубала «ХIажи» абураб цIарги.

Гьел мунагьал чурадал рукIуна гIураб гIараб гIелму цIаларал, ай, цогидал жидецаги цIализарурал, камилаб гIелмуялъул кьучIал гIалимзаби.

Халитил вас Халитица (ХалитхIажица) ячуна ГIазиясул яс ХIалимат. Гьезие гьарула кIиго васги лъабго ясги.

*Таибат гьаюла I882 соналъ, Иси – I887 с. Башу – I890 с.*
*Муса - I885 с. МухIамад -I888 с.*

Бищун кIудияв вас Мусаца ячуна кIиго чIужу: ХIава ва Хамика. Гьезул лъимал ккола - СагIидбег, ХIабизат, Иси, Уланбег.

МухIамадилги Аймеселги - лъимал: АхIмад, Расул, Асудин, Хадижат, ХIалимат.

Башул лъимал: Ниязбег, Анарбег, Жугьарат, Жарадат, Нажабат, ПатIимат.



Нилъеца тIадехун бицен гьабулев гьаб макъалаялъул жакъасев бах1арчи ккола кIудияв Халитил вас ХалитхIажи.

Гьев гьавун вуго I855 соналъ гьанжесеб Буртунай росулъ, гьесул лъади ГIазиева ХIалимат- I865 соналъ гьебго росулъ.

Ахирисеб нухалда хIежалде индал Мадинаялъул къиралас ХалитхIажие сайгъат гьарун руго чIумалги, гIансаги, халгIатги, гьес гьел, ахиралде щвезегIан, щулаго цIунунги рукIун руго.

ХалитхIажи гIумруялдаса ватIалъула I925 соналъ. Гьесул бук1уна 7Iсон. Гьев вукъун вуго Бабаюрт районалда бугеб буртабазул ХIамзаюрт росулъ.



ГIи-боцIигун гъутаналда вукIарав вас Мусаде щвезе аралъув накълулъун вуго гьев мунагьал чурад.

Дол цересел соназ Мусал вас СагIидбег, хIалтIула колхозалъул бухгалтерлъунги цогидал жавабиял хIалтIабаздаги.

Гьесул лъади Халун йикIана мухъилай хIалтIухъан, гурхIел-рахIму цIикIкIарай гIадан. Гьез, лъикIаб тарбия кьун, гIезарула кIиго васги кIиго ясги. Гьезулги руго лъимал, жидерго магIишат-яшавгун батIи-батIиял ва жавабиял хIалтIабазда. Цогидав васас - Уланбегицаги гьабуна колхозалдагун совхозалда бухгалтерасул хIалтIи. Дица абиларо гьайбатаб букIанилан гьел гъаримзабазул гIумру.

Дол цересел соназул гIадамазул гIумру киданиги лъик1аб бук1ун батуларо. Хенон миккги бетIун мичIчIги гурони кваназеги щолареб, сугъралцин ретIизе ретIелги гьечIеб заман киданиги лъик1аб букIунаро. Кин букIаниги дол умумуз хIехьон руго - ракъи-къечги, янгъизлъи, язихълъи. ЛъикIги квешги гьез ракъдаде рахъинарун руго лъимал, хъизан. Ресал ратун руго гьел гIумрудал нухде рачине, гьезие гIелму-лъайги щвезабизе.

Гьезие мисаллъун ккола гьединал, язихъал хурухъабазул хъизабазда гIурал лъимал жакъа инженераллъунги, тохтурзабилъунги, мугIалимзабилъунги, гIалимзабилъунги рукIин.

Рукъоб бечелъи букIун ва хадув вахъунев чи вукIун машгьурлъарал гуро нилъер районцоял - МахIачев ХIажилги, ГIумахановазулги, ХIабизат МухIамадовалъулги, Юсуп Дадаевасулги, ГIумарасхIаб Загьировасулги, АхIмад Шахбановасулги, ХIабиб ГIисаевасулги, Зикрула Ильясовасулги, Мавлет Батировасулги,ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасулги, бажарун, нилъер районалъе нухмалъи гьабулев вугев, Дагъистаналъул Халкъияв БахIарчи, дов, лъабго нухалда хIежалде лъелго арав, ХалитхIажил Мусал васасул васасул вас - Мусаев ХIажимурад ХIажиевичасулги ва гIемерал цогидазулги цIарал.

Гьезул цIарал машгьурлъана жидеда цебе дол умумуца лъураб нухалда битIун гали тIамизе бажариялъ. Дозул малъи рекIелъ цIуниялъ ва жал рижараб улкаги халкъги бокьиялъ. ГIемерал, гьунар тIокIал, гIакълу камилал гIадамал руго дов имам Шамилил наиб КIудияв ХIасанил наслабазул.

Гьезул тIолазулго бицен гьабизе нилъер хIал кIвеларо.Газеталъул цересел номеразда нужеца цIалун батила ХIасанил цогидал наслабазул бицен.

Гьениб дица тIадчIей гьабулеб буго, гьанжеялдаса I80 соналъ цере, тулиялъурги регун, къохьол ретIелги ретIун,гIарадабазде данде хунжрулги росун, эркенлъиялъе гIоло рагъарал ва лъиданиги цебе бетIер къуличIел наслабазул лъимал нилъго рукIин гIун бачIунеб гIелалда лъазе.

**М. ЧУПАЛАЕВ.**

*Ополчениялъе - 20 сон.*

# Ополченцал - Болъихъе

Нилъ нугIзаллъун руго,СССР биххиялъул хIасилалда, улкаялда ккарал хиса- басиязе.

**Масала:** гьезда гьоркьоб букIана Чечняялда ккараб ахIвал-хIалги. Халкъалда гьоркьосел чIвадарухъаби (террористал) гьенир данделъиялъул хIасилалда ккарабги нилъеда лъала. Гьез хIаракат бахъулеб букIана Дагъистанги гьеб гIала-гъожалде гьоркьобе цIазе ва гьез цо чанго нухалда хIалбихьана нилъер ракьалде рачIине.

Россиягун ккараб тIоцебесеб рагъул хIасилалги рихьун, гьенир рукIарал, изну гьеч1ого, яргъидгIуцIаразда ккана жал бергьанин ва гьел лъугьана тIолабго Кавказ жидерго мухъилъе цIазе. Гьеб мурадалда, I999 соналъул августалда боевиказул къокъаби лъу гьана Болъихъ ва ЦIумада районазул ракьазде. Гьезда ракIазда, гьай-гьай, букIун батила Дагъистаналъул гIорхъода ругел цоги районаздеги рачIине.

Доб заманалда нилъер районалда гьезда дандечIей гьабизе аскариял рукIинчIо, яргъидгIуцIараллъун рукIана гIицIго РОВДялъул хIалтIухъаби. Болъихъ районалде террористал кIанцIи лъарабго, дол соназ районалъул бетIерлъун вукIарав Памир Пазаевас, хехгьабун, гIуцIана 35 чиясдасан ополченцазул къокъа ва гьел ана балъхъадерие кумек гьабизе.



Нилъер ополченцал гьенире щвеялъул хIакъалъулъ **«Дагестанская правда»** газеталда (I9 авг.I999с.) МухIамад АбихIасановас хъван букIана: **«Болъихъе ругел нухазул захIмалъиялъулцин гуреб бицен гьабизе кколеб, гьелъул бокьараб бакIалда цо чи гранатомётгун вугони,гьес кинабниги къокъа цебехун биччачIого букIине бегьиялъулин ва гьеб гьесда тIубанго тIагIинабизе кIвеялъулин. Дица гьелъул хIакъалъулъ хъва леб буго газетчик хIисабалда гуреб, армиялъул разведкаялъул запасалда вугев офицер вукIиналъ. Дида лъала рагъул нухазул захIмалъи.**

**Ункъо сагIаталъул нухги нахъа тун, кинаб букIаниги лъугьа-бахъинги ккечIого, Казбекалъул ополченцазул къокъа Болъихъе щвана. Болъихъе гьезул бахIарчияб щвей дида бихьана нилъер десантниказ Босниялдаса Косовоялъул аэродромалде гьабураб хехаб маршбросокалда релълъараблъун. Амма десантникал инчIо,Казбекалъул гIолилал гIадин, гIумруялъе хIинкъи бугел мугIрузул нухдасан,гьезда цебе букIана хъил тIураб шагьранухъ.**

**Десантниказул гьеб операциялда цIар тана «Суворовасулаб», -ан ва гьелъул гIахьалчагIи кIодо гьаруна орденалгун медалаздалъун.**



**РакIалде ккола (гьелъие заманги бачIина) Казбекалъул гIолохъабазеги шапакъатал кьелин,гьел гьелъие мустахIикъалги руго»,**-ян.

Гьай-гьай, нилъер гIолохъаби мустахIикъал руго шапакъатазе,амма гьелъул гуреб дие бицен гьабизе бокьун бугеб. Дица бицен гьабулеб буго гьезул бахIарчилъиялъул, бокьараб къоялъ гьел гIагараб ракьги жидер халкъги цIунизе хIадур рукIиналъул. Гьеб лъугьа- бахъиналъ бихьизабуна нилъер г1адамал дол бахIарчиял умумузул унго-унгоял ирсилаллъун рукIин ва гьезда мугьчIвай гьабизеги бегьулеблъи.

***ХIажи АДИМИРЗАЕВ, Дилим росу.***

*Дин ва г1умру*

# Тавбуялъул х1акъалъулъ

**(Байбихьи 25 номералда)**

**Тавбуялъул мукъаддиматал**



Гъаплаталдаса рак1 борч1ун, мунагьазул къабих1лъиялде кант1ун – гьел рак1алде щвей – цо.

Мунагьал гьарурав чиясда Аллагьасул ццин бахъиналъул ц1акълъи – кутак, гьесие Аллагьас гьабулеб г1акъубаялъул к1одолъи, Аллагьасда цеве гьесул басралъи – х1акъирлъи рак1алде щвей – к1иго.

Гьеб г1акъуба, ццин бахъин биччазе дур заг1иплъи, гьеб нахъ ч1вазе дур гьеч1еб рух1-х1ал рак1алде щвей – лъабго.

**Тавбу къабуллъиялъул г1аламатал**

Квешлъиялъул гьалмагъзаби рехун тун, лъик1ал чаг1азулгун гьалмагълъиялде вусин.

Кинабго мункар тун, лъик1лъи – т1аг1амалде вуссин.

Дунялалъул рохел рак1алдаса ун, ахираталъул пашманлъи рек1елъ даимлъи.

Аллагь гъоркье ч1араб, (гьес кьеч1ого толареб) ризкъиялъул ургъел (гьабич1ого) тун, Аллагьас амру гьабураб т1аг1аталде машгъуллъи.

Чорхол гьаваялда нахъвилълъун, г1адада араб г1умруялда хадуб рак1 бухун, г1оди г1емерлъи.

Сордо – къоялда жаниб жинда т1аса лъугьин Аллагьасдаса т1алаб гьаби.

*(Хадусеб бук1ине буго)*

## Киб ва чан хъвараб?

Гьаб соналъул 1 июлалде ругел баяназда рекъон,2019 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъван буго:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. Алмахъ | -58 | 8. Хубар | – 65 |
| 2. Буртунай | – 81 | 9. Ичк1а | - 101 |
| 3. Дылым 1 | – 212 | 10. Гъозтала | - 60 |
| 4. Дылым 2 | – 142 | 11. Гуни | – 53 |
| 5. Ленинаул | – 83 | 12.Дубки | – 17 |
| 6. Калининаул | – 56 | 13. Г1аркьухъ | - 36 |
| 7. Гертма | – 81 | | |

**Кинабниги: 1045.**

## Дагъистаналъул тарихалъулъ рук1арал к1вар ц1ик1к1арал лъугьа-бахъинал

807 с. –Ислам т1ибит1изе байбихьана.
973 с. - Т1оцебесеб мажгит эхетана.
1687 с. - Къавуда(чума) унти рещт1ана.
1735 с. –Къуватаб ракьбагъари бук1ана
1737 с. - Вабаъ (холера) унти баккана.
1739 с. - Ракьбагъари бук1ана.
1770 с. – Къавуда (чума) унти баккана.
1810 с. - Г1ат1иракьазда ракьбагъари ккана.
1830-31сс. - Вабаъ (холера) унти баккана
1834с. – Ракъи бач1ана.
1851с. - Г1ачи хвана.
1852с. - Бакъ ккуна.
1892с. - Вабаъ (холера) унти баккана.
1917-1918сс.-Туркал рач1ана
1920-1921 сс.- Ракъи ва бихха-хочи ккана.

# Баркалаялъул кагътал



Дагъал цересIан къояз Гертма росулъа МухIамадгъазиев МухIамадсалихIихъе ва гьесул лъади Разияхалунихъе гьезул вас Абубакарица хъулухъ гьабулеб рагъулаб частаалъул командирасул ишал тIуралев А. Богатовас бачIараб кагътида хъвалеб буго :

**«Уважаемые Магомедсалих Магомедхабибович и Разияхалун Хапизовна!**

*Командование войсковой части 40083 выражает вам искреннюю благодарность за вашего сына, гвардии рядового Магомедгазиева Абубакара Магомедсалиховича, водителя-электрика радиостанции командного пункта.*

*Ваш сын за время прохождения военной службы показал себя ответственным военнослужащим.*

*Добросовестно выполнял воинский долг, в занимаемой должности показал высокий уровень профессиональной подготовки, качественно выполнял поставленные задачи, завоевал авторитет в воинском коллективе.*

*Спасибо Вам, уважаемые родители, за вашего сына.Вы воспитали достойного защитника Отечества!.*



Гьединабго кагъат бачIана Дубки поселокалдаса Бутаев Эдисултан ГIалигишиевасухъе ва гьесул лъади Загьра ГIалисултановалъухъе гьезул вас Камилица хъулухъ гьабулеб рагъулаб частаалъул командир О. Кононенкоцаги. Гьес хъвалеб буго:

**Уважаемые Эдисултан Алигишиевич и Загра Алисултановна!**

*Выражаю Вам благодарность за воспитание сына- настоящего защитника Отечества. Ваш сын, за время прохождения службы в нашей части зарекомендовал себя исключительно с положительной стороны, постоянно проявляя желание и стремление в овладении военной профессией. Среди своих сослуживцев он пользуется заслуженным авторитетом, являясь для них надежным другом и товарищем.*

*Вы по праву можете гордиться воспитанием своего сына – настоящего война и достойного гражданина нашей страны!*

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

***ВНИМАНИЮ АБИТУРИЕНТОВ!***

ФГБОУ ВО «Российский государственный университет - МСХА им.К.А.Тимирязева (г.Москва) проводит прием на целевое обучение абитуриентов на 2019-2020 учебные годы по следующим направлениям бакалавриата:

«Агрономия»;

«Агроинженерия» (Технические системы в агробизнесе, Технический сервис в АПК, машины и оборудование для хранения и переработки сельскохозяйственной продукции)»;

- «Ландшафтная архитектура»;

- «Зоотехния».

Подробная информация размещена на официальном сайте ФГБОУ ВО «Российский государственный университет - МСХА им.К.А.Тимирязева https://www.timacad.ru в разделе «Абитуриенту».

## Лъазаби

Бичулеб буго мина базе санаг1алъи бугеб ракьул участок. Багьа-къот1иялда рекъон. Босизе бокьарал к1алъазе бегьула гьаб номералде: **8988-260-86-56**


*Бетlерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Заказ №256 Тираж 1430 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*


*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*